

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa hiji kagiatan ngumpulkeun jeung maluruh data anu sipatna sistemis jeung logis (Sukmadinata, 2015, kc. 5). Métode bisa mangrupa angkét, wawancara, niténan hiji hal atawa observasi, ngalakukeun tés, jeung dokumentasi (Arikunto. 2013, kc. 203). Anapon métode panalungtikan nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 3) nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data anu miboga udagan jeung mangpaat anu tangtu. Ku kituna, pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan mikabutuh téhnik atawa metode pikeun panalungtikan. Métode panalungtikan nyaéta cara atawa téhnik pikeun maluruh data sangkan ngahontal tujuan-tujuan dina panalungtikan (Sugiyono, 2017, kc. 2).

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 9) pamarekan kualitatif nyaéta téhnik panalungtikan anu miboga dasar filsafat *postpositivisme* sarta miboga udagan pikeun nalungtik hal anu sipatna alamiah. Nurutkeun Sukmadinata (2015, kc. 60) pamarekan kualitatif miboga udagan pikeun ngagambarkeun (*to describe*), maluruh (*to explore*), jeung ngajéntrékeun (*to explain*).

Métode deskriptif nurutkeun Sukmadinata (2015, kc 72) nyaéta hiji cara pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fenomena-fénoména anu aya, boh anu sipatna alamiah boh sipatna rekayasa manusa. Cindekna, métode deskriptif mangrupa hiji tarékah pikeun ngadéskripsikeun masalah anu sipatna ilmiah. Téhnik deskriptif analisis digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hasil panalungtikan babandingan struktur carita drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng Sasakala Situ Bagendit dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri. Saterusna hasil tina panalungtikan téh dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII.


3.1 *Desain Panalungtikan*

Desain panalungtikan mangrupa rarancang prak-prakan panalungtikan (Sukmadinata, 2015, kc. 287). Ku kituna, desain panalungtikan miboga pancén

pikeun ngagambarkeun langkah-langkah atawa runtuyan kagiatan nalika panalungtikan. Desain dina ieu panalungtikan dipedar dina bagan di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh eusi carita anu aya dina naskah drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit” dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri. Anu ngawengku unsur pisik pangwangun struktur carita (téma, jeung fakta carita).

3.2.1 Idéntitas

1) Naskah Drama


Judul : Nyi Bagendit Gugat

Pangarang : Dhipa Galuh Purba

Jumlah kaca : 24

Warna naskah : bodas, konéng ka emas-emasan, jeung coklat.

Gambar 3.1 Jilid Naskah Drama Nyi Bagendit Gugat



Naskah drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba kungsi dipagelarkeun dina acara Festival Drama Basa sunda (FDBS) taun 2015 anu diayakeun ku Téater Sunda Kiwari. Ogé pernah dipintonkeun ku Téater Prabu dina acara pintonan *tunggal sandiwara Sunda*, nepi ka mecahkeun rekor panonton saloba 2400 panonton tanggal 1 Nopember 2016 di Gedung Kasenian Kemuning Gading Kota Bogor.

2) Dongéng

Judul : Carita Rayat Jawa Barat

Pangarang : Elin Syamsuri

Medal : taun 2000

Jumlah Kaca : 107


Saepul Mubaroq, 2019

BABANDINGAN STRUKTUR DONGÉNG “SASAKALA SITU BAGENDIT” JEUNG CARITA DRAMA “NYI BAGENDIT GUGAT” PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG DI KELAS VII SMP
Universitas Pendidikan Indonesia I repository.upi.edu I perpustakaan.upi.edu

Pamedal : Yayasan Walagri

Warna Buku : hejo, biru, konéng

Gambar 3.2 Jilid Buku Carita Rayat Jawa Barat



Buku *Carita Rayat Jawa Barat* anu ditulis ku Elin Syamsuri, medalna taun 2000 ku Yayasan Walagri. Buku *Carita Rayat Jawa Barat* nyaéta kumpulan dongéng-dongéng nu aya di Jawa Barat. Anu jadi bahan panalungtikan nyaéta dongéng “Sasakala Situ Bagendit” anu aya di daérah Banyuuresmi, Garut. Carita dongéng “Sasakala Situ Bagendit” anu geus teu ahéng atawa teu bireuk deui ku caritana jeung tokoh utamana anu kawéntar beunghar jeung ku watekna anu sombong, jeung korét ka sasama.

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

3.2.2.1 Biografi Singget Dhipa Galuh Purba

Dhipa Galuh Purba lahir di Ciamis, Jawa Barat tanggal 25 Séptémber 1977. Dhipa Galuh Purba nyaéta salaku sastrawan, seniman jeung panulis. Nulis naskah prosa, artikel, carpon, sajak, drama, jeung skenario dina basa Sunda jeung Indonesia. Tulisanna pernah dimuat di Majalah *Manglé*, *Seni Budaya*, *Bina Da'wah*, *Sunda Midang*, *Cupumanik*, *KSM Galura*, *Giwangkara*, *Kudjang*, *Koran Sunda*, *Tadjuk*, *HU*, *Pikiran Rakyat*, *Kompas Jabar*, *Galamedia*, *Tribun Jabar*.

Hasil karya buku anu geus diterbit nyaéta *Ukur Banyol* (2000) gawé bareng jeung Dadan Sutisna. Sababaraha hasil karyana anu dimuat di sababaraha antologi, diantaranya dina antologi *Ti Pulpén tepi ka Pajaratan Cinta* (2002), *Campaka Mangkak* (2003), *Mangsi Asih Kalam Tresna* (2006), *Sunda pun Angkat Bicara* (2004), *Bandung dalam Puisi* (2006), *Kembang Kadengda* (2007), *Jeblog: Kumpulan Naskah Drama Sunda* (2008).

3.2.2.1 Biografi Singget Elin Syamsuri

Elin Syamsuri lahir di Cimanggung, Sumedang, 7 Séptémber 1943. Sakola di SR di Cimanggung (lulus 1956), tuluy SGB (1959) jeung SGA (1962) di Sumedang. Satamatna ti SGA, neruskeun sakola di Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Unpad, anu terus jadi IKIP Bandung. Jurusan anu dipilihna basa Sunda. Meunang gelar sarjana muda taun 1965. Bari ngajar di SMP 15 Bandung (1966-1970), ngaréngsékeun kuliahna nepi ka meunangkeun gelar sarjana (taun 1969). Ti taun 1971 ngajar di almamaterna, Jurusan Basa Sunda, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni IKIP Bandung, nepi ka pangsiun. Jabatan anu kungsi dicepengna di IKIP nyaéta Ketua Jurusan Seni Drama, Tari, Musik (1988-1995), tuluy Ketua Jurusan Basa jeung Sastra Sunda (1998-2006).

Elin Syamsuri digédékeun ku dongéng, diasuh ku rupaning pupuh. Keur budak kénéh, ti umur dalapan tepi ka sapuluh taun. Pon kitu deui dongéng, ti mimiti dongéng sasatoan tepi ka dongéng sasakala, “*namper jadi dedek angen*”, ceuk paribasana. Salah sahijina dongéng sasakala “Situ Bagendit” dugi ka dibukukeun dina buku *Carita Rayat Jawa Barat*.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa konci dina panalungtikan (Sugiyono, 2017, kc. 224) tujuan utama tina panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun data. Ku kituna téhnik panalungtikan miboga kalungguhan anu penting nalika prosés néangan data. Téhnik panalungtikan kabagi jadi téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu kudu dilakukeun dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 224) ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara.

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun nyaéta téhnik studi pustaka. Zed (2008, kc. 1) ngajéntrékeun yén téhnik studi pustaka miboga fungsi pikeun maluruh kajian teoritis anu aya patalina jeung panalungtikan.

Studi pustaka dina ieu panalungtikan nyaéta tiori-tiori tina buku sumber jeung jurnal anu aya patalina jeung masalah dina panalungtikan. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik studi pustaka nyaéta ieu di handap.

1. Maca dongéng *Sasakala Situ Bagendit* karya Elin Syamsuri.
2. Maca naskah drama *Nyi Bagendit Gugat* karya Dhipa Galuh Purba.
3. Maca tiori ngeunaan sastra bandingan jeung struktural.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah pikeun ngolah data miboga sipat *fleksibel* (Sukmadinata, 2010, kc. 114). Hartina panalungtik bisa nyaluyukeun jeung kabutuhan panalungtikan anu rék dilaksanakeun. Tehnik pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis data. Nurutkeun Yusuf (2007, kc. 400), léngkah-léngkah ngawengku rarangkay ngumpulkeun data, réduksi data kacidekan, jeung vérifikasi.

Dumasar kana hal-hal anu geus dijéntrékeun di luhur léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan didadarkeun di handap.

1. Nyieun rumusan masalah jeung tujuan panalungtikan.
2. Maluruh sasaran jeung bédana eusi carita tina naskah drama *Nyi Bagendit Gugat* karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng *Sasakala Situ Bagendit* dina buku *Carita Rahayat Jawa Barat Karya Elin Syamsuri*.
3. Nganalisis carita tina naskah drama jeung dongéng anu ngawengku fakta carita jeung téma.
4. Ngabandingkeun struktur carita.
5. Dipatalikeun jeung bahan pangajaran.
6. Nyindekkeun hasil analisis data.

Sabada ngajéntrékeun ngeunaan léngkah-léngkah ngolah data, tehnik analisis data dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

1. Analisis struktur carita drama *Nyi Bagendit Gugat* karya Dhipa Galuh Purba.
Tiori anu digunakeun nyaéta struktural Robert Stanton anu medar ngeunaan téma, fakta carita, jeung sarana carita. Tapi dina ieu panalungtikan, panalungtikan ngan medar ngeunaan téma jeung fakta carita tina struktur carita drama jeung dongéng. hal-hal anu dianalisis nyaéta ieu di handap.

- a. Téma, medar ngeunaan ide poko carita drama Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa Galuh Purba.
 - b. Fakta carita, medar ngeunaan alur, latar, jeung palaku carita Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa Galuh Purba.
2. Analisis struktur carita dongéng Sasakala Situ Bagendit dina *buku Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.
Tiori anu digunakeun nyaéta struktural Robert Stanton anu medar ngeunaan téma, fakta carita, jeung sarana carita. Tapi dina ieu panalungtikan, panalungtikan ngan medar ngeunaan téma jeung fakta carita tina struktur carita drama jeung dongéng. hal-hal anu dianalisis nyaéta ieu di handap.
- a. Téma, medar ngeunaan ide poko carita dongéng Sasakala Situ Bagendit dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.
 - b. Fakta Carita, medar ngeunaan alur, latar, jeung palaku carita Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng Sasakala Situ Bagendit dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.
3. Analisis Babandingan struktur carita dina drama Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa Galuh Purba jeung Dongéng Sasakala Situ Bagendit dina Buku *Carita Rayat Jawa Barat*.
Hal-hal ieu anu dibandingkeun nyaéta ieu di handap.
- a. Babadingan téma drama Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng Sasakala Situ Bagendit dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.
 - b. Babadingan alur drama Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng Sasakala Situ Bagendit dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.
 - c. Babadingan palaku drama Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng Sasakala Situ Bagendit dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.
 - d. Babadingan latar drama Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng Sasakala Situ Bagendit dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.

4. Analisis Bahan Pangajaran Maca Dongéng

Kegiatan analisis nu pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta analisis bahan pangajaran maca dongéng pikeun murid kelas VII SMP. Analisis bahan pangajaran ieu dumasar kana kritéria milih bahan pangajaran nu ditétélakeun ku Nasution. Sabada maluruh struktur carita, ngabandingkeun struktur carita, sarta atikan karakter dina unggal dongéng, tuluy hasilna dianalisis deui, saluyu jeung kritéria milih bahan pangajaran. Saupama saluyu, hartina ieu dongéng-dongéng teh bisa jadi alternatif bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP. Kritéria milih bahan pangajaran anu kudu diperhatikeun sangkan saluyu jeung tujuan nu hayang dihontal nurutkeun Nasution (dina Haerudin & Kardana, 2013, kc. 77) nyaéta:

- (1) tujuan nu hayang dihontal;
- (2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa;
- (3) dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna;
- (4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan;
- (5) luyu jeung kabutuh katut minat siswa.

Sanggeusna data hasil panalungtikan dikumpulkeun, satuluyna diolah dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- a) Niténan data nu geus kakumpul
- b) Nganalisis data, ku cara nyirian bagian-bagian nu nuduhkeun struktur carita (ngawengku téma, latar, alur, jeung palaku) tuluy éta sturuktur teh dibandingkeun sasaruana jeung bébédaanna, sarta maluruh atikan karakter nu nyampak dina unggal dongéng.
- c) Nyalin kana kartu data struktural jeung atikan karakter supaya leuwih gampang
- d) Nganalisis strktur carita, babandingan struktur, jeung atikan karakter dumasar kana kritéria milih bahan pangajaran
- e) Nyusun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.
- f) Nyindekkeun hasil analisis data.

3.4 Instrumént Panalungtikan

Instrumént panalungtikan miboga fungsi salaku alat panalungtikan pikeun mantuan panalungtik dina netepkeun puseur panalungtikan, milih sumber data, ngumpulkeun data, maluruh kualitas data, nganalisis data, napsirkeun data, jeung nyieun kacindekan (Sugiyono, 2017, kc. 222). Instrumént anu digunakeundina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data miboga fungsi pikeun nyusun data luyu jeung klasifikasi data (Warsiman, 2017, kc. 60). Kartu data dina ieu panalungtikan miboga fungsi pikeun nyusun hasil analisis data dumasar papasingan struktur carita, anu ngawengku, fakta carita, jeung tema dina dua karya sastra.

1) Kartu Data Struktul Carita

Gambar 3.3
Conto Kartu Data Téma

Kartu Data 1	
1. Kode Data	:
2. Téma	:
3. Cutatan Carita	:

Gambar 3.4
Conto Kartu Data Alur

Kartu Data 2	
1. Kode Data	:
2. Bagian/ Episodé	:
3. Wicikan Carita	:

Gambar 3.5
Conto Kartu Data Latar

Kartu Data 3	
1. Kode Data	:
2. Jenis Latar	:
3. Cutatan Carita	:

Gambar 3.6
Conto Kartu Data Palaku

Kartu Data 4	
1. Kode Data	:
2. Jinis Tokoh	:
3. Ngaran Tokoh	:
4. Katerangan	:
5. Cutatan Carita	:

Gambar 3.7
Conto Analisis Struktur Carita

Kartu Data 2	
1. Kode Data	: SSB/SC/18/12/1
2. Téma	: Wanoja anu korét
3. Cutatan Carita	:
<p><i>“Nya pok aki-aki téh waleh yén teu kawawa lapar, sugan aya sih piwelas. Ana gantawang téh Nyi Endit bet nyarékan, nyéksék-nyéksékkeun, pajarkeun téh taya kaéra, teu ngahutang gawé, ménta bagian. Tungtungna nepi ka nundung, aki-aki dititah nyingkah.”</i></p>	

Keterangan: Kode SSB nuduhkeun judul karya sastra
 Kode SC nuduhkeun struktur carita
 Kode 18 nuduhkeun kana kaca
 Kode 12 nuduhkeun kana paragraf
 Kode 1 nuduhkeun kana analisis téma

Kode dina struktur carita nyaéta (1) téma, (2) alur, (3) latar, (4) tokoh jeung watek.

2) Kartu Data Bahan Pangajaran

Tabel 3.1
Conto Tabél Céklis Analisis Bahan Pangajaran

No.	Kritéria Milih Bahan Pangajaran	Naskah Drama Nyi Bagendit		Keterangan
		Gugat jeung Dongéng Sasakala Situ Bagendit		
		Luyu	Teu Luyu	
1.	Tujuan nu hayang kahontal			

No.	Kritéria Milih Bahan Pangajaran	Naskah Drama Nyi Bagendit Gugat jeung Dongéng Sasakala Situ Bagendit		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna			
4.	Aya gunana pikeun hiji paélmuan			
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa			